

Pratik Kijan Tibebe Dwe Dòmi an Sekirite

Bon pratik pou mete tibebe dòmi an sekirite ede diminye risk epi kreye yon anviwònman pou dòmi ki pi an sekirite pou tibebe nan pwogram edikasyon ak swen/gadri timoun piti yo. Swiv egzijans sa yo chak fwa yo mete yon tibebe ki poko gen 12 mwa pou l fè yon ti kabicha, repoze, oswa dòmi.



TOUJOU:

- ✓ Mete tibebe yo kouche sou do yo a chak fwa y ap fè yon ti kabicha, repoze, ak dòmi.
- ✓ Itilize yon sifas pou dòmi ki fèm, plat, ki pa panche.
- ✓ Itilize bèso ki an sekirite epi ki apwouve.
- ✓ Kite objè ki mou ak lenn ki mou deyo espas/kabann tibebe a ap dòmi an.
- ✓ Bay chak tibebe yon bèso/plas endividyèl pou yo dòmi.
- ✓ Evite toufe yo twòp epi pa kouvri tèt yo pandan ti bebe yo ap dòmi.
- ✓ Asire ke tetin/sison ki te itilize pandan y ap dòmi an pa genyen okenn konpozan adisyonèl.
- ✓ Retire boutèy/bibron yo nan espas dòmi timoun nan anvan li dòmi.
- ✓ Retire bijou yo sou tibebe yo anvan yo dòmi.
- ✓ Retire objè ki pandye nan zòn/espas kote tibebe a ap dòmi an.
- ✓ Siveye tibebe yo pandan y ap dòmi selon pratik EEC sou Kijan pou Dòmi an Sekirite.

Kontakte lisansè ou a si w ta gen nenpòt kesyon.
Pou plis enfòmasyon, gade [Politik EEC sou Dòmi an Sekirite](#).



MASSACHUSETTS
**Department of
Early Education and Care**